



ISHIRAHAMWE RIHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU "ITEKA"

ICEGERANYO C'INDWI "Iteka n'Ijambo"

Uwo uri wese ubahirizwa

Indwi yo kuva kuwa 14-20 Ndamukiza 2025

0. INTANGAMARARA

Iki cegeranyo kitwerekaga agateka ka zina muntu hamwe n'umutekano mu Burundi bigeze ahatemba. Harugwa abantu 3 bapfuye, harimwo 2 batowe ari ibiziga, 1 yanyurujwe na 2 bafashe bidakwirikije amategako.

Aburenganzira no muri politike, uburenganzira mu mibano, ubutunzi hamwe n'imico kama navyonyene baravyihweza. Ishusho rya politike hamwe n'umutekano navyo nyene biravugwa muri kino cegeranyo.

Imbonerakure, abapolisi n'abari mu ntwaro baragirizwa kuba ahanini aribo bikekwako ayo mabi yo guhohotera agateka ka zinamuntu.

IBICE BIKURU BIKURU

I. UMWIHWEZO

II. UBURENGANZIRA BW'UMUNYAGIHUGU NO MUNTWARO

III. UBURENGANZIRA MU MIBANO-UBUTUNZI N'IMICO KAMA

IBIRIMWO

<i>I.UMWIHWEZO.....</i>	<i>4</i>
<i>I.1.UMWIHWEZO WA POLITIKE.....</i>	<i>4</i>
<i>I.2. ISHUSHO Y'UMUTEKANO</i>	<i>4</i>
<i>I.3. ISHUSHO Y'UBUTUNGANE</i>	<i>6</i>
<i>I.4.ISHUSHO Y'UBUTUNZI.....</i>	<i>6</i>
<i>II. UBURENGANZIRA BW'UMUNYAGIHUGU NO MUNTWARO.....</i>	<i>7</i>
<i>II.1. UBURENGANZIRA BWO KUBAHO.....</i>	<i>7</i>
<i>II.1.1. ABANTU BISHWE KUBERA IVYO BAHERANIRANIYE.....</i>	<i>7</i>
<i>II.1.2.IBIZIGA VYATOWE.....</i>	<i>7</i>
<i>II.1.3. GUHAGARIKWA NO KUNYURUZWA</i>	<i>8</i>
<i>II.2. UKUBAHANA MURI VYOSE</i>	<i>8</i>
<i>II.2.1. UBURENGANZIRA KU MWIDEGEMVYO.....</i>	<i>8</i>
<i>II.2.1.1. IHAGARIKWA RIDAKWIRIKIJE AMATEGEKO.....</i>	<i>8</i>
<i>III. UBURENGANZIRA MU MIBANO-UBUTUNZI N'IMICO KAMA.....</i>	<i>9</i>
<i>III.1. IHUNGABANA RY'UBUTUNZI.....</i>	<i>9</i>
<i>III.2. UBURENGANZIRA MUVY'INDERO NYIGISHO SHURE.....</i>	<i>11</i>
<i>III.3. UBURENGANZIRA KUVY'AMAGARA Y'ABANTU.....</i>	<i>12</i>
<i>IV. GUSOZERA N'IMPANURO</i>	<i>12</i>

IMPFUNYAPFUNYO

ADRA	: Ishirahamwe rifasha mw'iterambere
ANAGESSA	: Ikigo kijejwe kwegeranya no kubika umwimbu
CDP	: Ishirahamwe ryitaho iterambere ry'abanyagihugu
CECI	: Umugwi w'igihugu ujejwe gutegura amatora
CEPI	: Umugwi w'intara ujejwe gutegura amatora
CNDD-FDD	: Ihuriro ry'igihugu riharanira demokarasi-urwego rwo gukingira demokarasi
CNL	: Urwego rw'igihugu ruharanira ukwishira no kwizana
DCE	: Ubuyobozi b'indero mw'i Komine
EAC	: Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri afrika y'ubuseruko
FDNB	: ingabo z'igihugu c'u Burundi
M23	: Umuhari urwanira amasezerano yo kuwa 23 ntwarante
OTB	: Ihinguriro ry'icayi mu Burundi
PRODEFI	: Umugambi w'iterambere
PRODER	: Umugambi w'iterambere
PSR	: Igipolisi kiraba ivyo mwibarabara
RDC	: Repuburika ihahanira demokarasi ya Kongo
RN	: Ibarabara ry'igihugu
SNR	: Igendereza ry'igihugu
UPRONA	: Urunani ruharanira iterambere ry'igihugu

I. UMWIHWEZO

I.1. UMWIHWEZO WA POLITIQUE

Indwi mu Burundi yaranzwe n'ibintu vyinshi muvyerekeye politike. Kuwa 15 Ndamukiza 2025, inama ya bose yarabaye ku gatumba Kigaza, muri komine Kayogoro, intara ya Makamba. Iryo sabikanya, rirongowe n'uwutwara zone Decho Nyandwi arikumwe na Bayubahe, uwuserukira CNDD-FDD ku gatumba, yasa n'iyigamije gutera ubwoba abayoboke b'umugambwe utavuga rumwe na Reta CNL. Ivyavuzwe n'uwutwara zone canacane vyari biteye agahinda, nkaho yavuze ati : « Mwe bakiri muri CNL, turabamenya. Bose ni ukubica vuba na bwango, igihugu kibone gutekana. » Ico cyumviro cerekana ko vyibonekeza ko bagamije gushira mu gacerere abo batavuga rumwe muri politike, batanaravye agateka ka zinamuntu, kubwo ivyemezwa n'abaserukira CNL. Icuka kiguma ari kibi muri iyo komine, turavye ukuntu abajewe umutekano bishira mu ruhigigi ry' abanywanyi ba CNL.

Muri uwo mwanya nyene, isanganya rijanye n'ubusuma munzu y'idandarizo ya Zidoniya Ntirabampa, umunywanyi w'umugambwe UPRONA, bwaravuzwe muri komine Vyanda, Intara ya Bururi, mw'ijoro ry'uwa 17 Ndamukiza 2025. Ibintu vyibwe, harimwo imvutano zifise agaciro karenga 25000000 y'amaheza y'amarundi, vyasahuwe hariho umwijima bisahugara n'abantu taramenyekana, bigatuma hanuganugwa ko vyoba vyakozwe n'Imbonerakure, bishoboka kuko vyanagiriwe n'uwutabayoboka. Muri komine Nyabitsinda, intara ya Ruyigi, ibihome vy'inyubakwa ikoreramwo CNL vyarabomowe mw'ijoro ry'uwa 18-19 Ndamukiza 2025. Ivyabonywe batubwira ko ababikoze berekanye ko banka kwemerera iyindi migambwe gushinga imizi muri komine yabo, bikerekana urwanko rwibonekeza bafitiye imigambwe batavuga rumwe. Ico caha cabaye imbere gato yo gushikiriza ingoro y'umugambwe CNL, iyugururwa ryayo ryari ryaburabujwe imbere y'imisi mikeya.

Ku wa 20 Ndamukiza 2025, intererano zo kunguvu zarashizweho kugira bashigikire ukwerekana ubukomezi k'Imbonerakure mu ntara ya Cankuzo, vyategekanijwe kuba kuwa 26 Ndamukiza. Abahaba bategerezwa guterera mubwo uburyo canke ibikorisho kuri ico gikorwa, hatarabwe umugambwe akomokamwo, bikaba biraje ishingira kuvyerekeye umwidgegemvyo w'umuntu n'ukungana.

Ikoraniryo rya CNDD-FDD naryo ryaravuzwe, harimwo ibikorwa vyo gutororokanya ibifungurwa n'amaheza vyatumye haza haza ubwoba icuka c'ubwoba ku banywanyi b'iyindi migambwe kubwo amakuru dukurayo. Amakizura, abonwa nk'ukugenza, birunyura ayo makenga. Abegwa na politike barerekanye ihimiriza rikomeye, harimwo no kwibitsa kurikanurira abo batavuga rumwe, bafata nk'intambanyi ku mahoro n'umutekano.

Ibikorwa nk'ivyo vyerekana igihe c'iterabwoba rya politike be n'ihungabanya ry'amateka ntasubirizwa, bitanga ishusho y'imibano n'umubano na iraje ishingira mu Burundi. Abafashe ijambo, mugusigura ivy'abo muntumbero y'umutekeno, basa n'abirengagiza ingingo ngenderwako z'intwari rusangi n'uburenganzira bw'abo baravugaga rumwe, bikaduza ibibazo bikomeye kuru kazoza k'ibiganiryo vya politike mu gihugu.

I.2. ISHUSHO Y'UMUTEKANO

Muri iyindwi iheze, u Burundi bwabaye ikirimbiro ry'amasanganya menshi aboneka yakoze ku mutekano w'igihugu. Kuwa 14 Ndamukiza 2025, umusore, Ndayishimiye Elias, azwi kw'izina rya rya Chau-no, yaranyurujwe n'Imbonerakure mu micungararo ya Mukungu, muri komine Nyanza – Lac, iri mu ntara ya Makamba. Yatwawe ku nguvu i Bujumbura, yarekuwe mw'ijoro inyuma y'igihe c'umubabaro. Chau-no yiganye ko yari yahamagawe kuri terefone y'umugenzi, yitwa Egide, yari yamuteze umutegeho. Ashitse aho hantu, yacakiwe n'abantu 2, umwe yambaye umwambaro w'igipolisi kandi abigira nk'uko yoba afise umutahe wo kumuhagarika.

Muri iryo nyuruzwa hakoreshejwe i modoka 2, kandi yategetswe kwinjira muri imwe ifise ibiyo bitabona, adashobora kunana. Muri urwo rugendo, abo bagizi ba nabi baramutwaye amahera mukumutera ubwoba ku mutekano wiwe, mugutangurira kumusaba 6000000 y'amahera y'amarundi. Imbere yo kumakurira gushika kuri 500000 y'amahera y'amarundi. « Nababwiye ko ntagira namba », ni ko yemeje. Umwe muri ibyo yambaye umwambaro w'igipolisi yoba yaravuye mu modoka imbere yo gushikira uruzi Nyengwe, urubibe kama rutandukanya intara ya Makamba na Rumonge. Babiri muri izonkozi z'ikibi boba kandi barahagaze mu Gitaza, mugihe 3 bandi babandanije ibarabara rija i Bujumbura, aho bavana na Chauno hafi igihe c'isaha 3 z'ijoro mu micungararo y'igisagara.

Umuntu atazwi, munyuma, niwe yaciye amwitaho kandi amuha indaro muri iryo joro. Abiboneye iryo nyuruzwa barashoboye gufotora imwe muri izo modoka zakoreshejwe, imodoka yo mu bwoko bwa TI, imparati IA7675, hama baburira igipolisi co mu Rumonge. Ico gipolisi carafashe iyo modoka inyuma yaho gato hama barashobora guhagarika umwe mubikekwa ko icaha. Naho Chauno yarekuwe ari muzima i Bujumbura, yarababajwe n'ubusuma bw'ibintu vyiwe. Bakoresheje benshi bamenyekanye mubamunyuruje, abanyagihugu b'i Nyanza -Lac basaba icokorwa n'indongozi kugira hafatwe abasigaye mubagize uwo mugwi, bakizera ko bibaye uko umutekano woba ugarutse mu karere. Igipolisi c'i Nyanza-Lac cavuze ko itohoza ryimbitse ririko rirakorwa kandi abagiriwe boba bari mu butungane. Ku rundi ruhande, amakizura agirwa n'imbonerakure yaravuzwe, iruhande y'ubusuma n'Interahamwe muri komine Gisagara, mu ntara ya Cankuzo.

Kuwa 14 Ndamukiza 2025, uwahaye amakuru umuhari Iteka yavuze ku sanganya ryabaye kuwa 7 Ndamukiza 2025, igihe Emmanuel Sibomana, wo ku mutumba Kagoma, na bagenzi biwe, Gilbert, Melchiade na Leonard, baratswe ibintu vyabo mugihe bari bavuye muri Tanzaniya. Bashitse ku mutumba Nyagahengeri, muri zone Camazi yo muri komine Gisagara, bahuye n'Imbonerakure zikizura zica zibagiriza ku karenganyo isesagura ry'itunga hama zibatwara ibintu vyabo, harimwo amahera angana na 500000 y'ama ShT, iradiyo, i kinga, hamwe n'impuzu. Mu mbonerakure zahamagawe, twasanzemwo Melance, uwutwara umugwi muri zone, na Nahimana Philippe hamwe na Jean Claude, baherekejwe n'abandi bantu 3 bavuga i Kinyarwanda. N'aho ubutungane bwabarengukishije, abo bikekwa ko ubusuma basa n'abafise ubudahangarwa. Vyongeye, amakizura agirwa n'urwaruka rw'umugambwe uri ku butegetsi, CNDD-FDD, vyaribonekeje mu ma komine Cendajuru, Gisagara, na Mishiha, bigatera amakanga menshi abahaba kuvyerekeye umutekano. Kwibonekeza kw'abantu bavuga i Kinyarwanda navyo vyarabaye muri komine Gisagara, neza na neza muri zone Bumba, iri hafi y'urubibe rwa Tanzaniya. Mu gusozera, umutekano ku mupaka w'uburundi na Repubulika y'Demokarasi ya Kongo uraraje ishingira, nko kuvyerekeye urudandazwa ruguma rukura rw'igitoro rukagirwa n'intwazangabo zo kugwego rwo hejuru haba mu gisirikare canke mu gipolisi.

Kuva umuhari M23 uteye, i Goma na Bukavu, uruja n'uruza rw'abahoze ku rugamba hamwe n'Imbonerakure rwaribonekeje. Naho nyene ingendo zabo zaba zizwi mu makomine ya Rugombo na Buganda, iharavugwa ibiturire kubajewe umutekano. Vuba cane, uruhigi rw'abanyagihugu rwaratangujwe mu guhasha abantu bari mu rudanda rw'ibitoro, bikerekana ishaka ry'ingongozi mukugabanya ico gikorwa cinjiza. Uwo mwihwezo urunyurwa kandi n'igabanurwa riherutse kuba ry'igiciro c'ibitoro, ubu biri kuri 12000, inyuma y'ihungabana ryaheruka aho vyajya kuri 20000 na 30000 muri Nzero 2025.

Iruhande, akamo ko konona karatewe mu ntara ya Kirundo, aho uwurongoye akarere k'igipolisi, arikumwe n'izindi ndongozi, yatanguje i sekeza riteye ubwoba kuwogerageza kurenga urubibe rw'u Rwanda, bizana gutyo ubwoba. Ku rubuga, abahaba, bari bamenyereye bitemberera mu mwidegemvyo muri ivyo bihugu uko ari bibiri, babona ko kuva ubu bahuye n'iryo tituka ry'umutekano. Amabi yaravuzwe kandi mu ntara ya Ngozi, aho abantu 2 bakomeretse kubera indyane z'amatongo.

1.3. ISHUSHO Y'UBUTUNGANE

Umusore yaciriwe urubanza muri komine n'intara ya Makamba

Kuwa 16 Ndamukiza 2025, sentare nkuru y' i Makamba yaciriye igihano c'umunyorozi w'imyaka 10 umusore yitwa Desire Nduwimana, umunywanyu w'umuhari w'imbonerakure, yagirizwa gushaka guhungabanya agateka k'umukuru w' i gihugu, k'urwego rw'umunyamabanga mukuru w'umugambwe CNDD-FDD, Reverien Ndikuriyo, be n'umutekano wa Reta.

Urwo rubanza rwabaye urw'itanga kandi mu kanywababo, nkuko aba abarongoye inyamiramabi babivugaga « kumvo z'umutekano w'igihugu ». Amajambo aturira, kubwo amakuru dukura mu gipolisi no mu butungane. Bavuze ko uwo musore yari yaremeje ko azi abantu bari inyuma y'irogwa ryikekwa ry' umunyamabanga mukuru w'umugambwe uri ku butegetsi, Reverien Ndikuriyo, yongera amenyesha ko President Evariste Ndayishimiye ashobora kuba ari murivyo. Ahagaritswe mu ntango ya Ndamukiza 2025, uwo muntu avuka mu ntara ya Rumonge yiyita umunyamazeza, ubumenyi yakuye kuri sekuru, bukongerezwa n'ivyo yize igihe yari muri Nigeria. Urwo rubanza rwabaye ata mw'unganizi canke icabona kirimwo. Umusore yaregutse atawumushigikiye mumburano, ivyaneguwe na bamwe mu begwa n'agateka ka zina muntu. Ariko ararira imbere ya sentare, yaragerageje kwisigura mu kuvuga ko neza na naza « yashikirije imbono yakuye mumigirwa y'ibitangaro », ariko izo nsiguro ntizahawe agaciro. Sentare yafashe ko ivyo yavuze bityoza, bidurumbanya kandi bihabura kugwego rw' i gihugu.

Uko vyakiriwe

Urubanza rugumamwo agapfungu. Nta cemezo na kimwe cashoboye kwerekanwa. Nta n'umwe mubavuzwe n'uwo musore yagize ico ashikiriza kumugaragarako gushika ubu. Baguma basemerera kugira basabe umuco kuvy' urwo rubanza, na cane cane ko rurimwo abubahwa bo kurwego rwo hejuru n'ivyo bagirizwa biremereye.

Urwo rubanza rwasomwe ruzana ibihuha mubantu, hagati y'ababona mw'iyagirizwa ry'uwo musore ikingira rikenewe ry'inze, n'ababibona nk'icinyizwa ry'umwidegemvyo mu gushikiriza icyumviro uko kiri kose.

1.4 ISHUSHO Y'UBUTUNZI

Intambamyi z'ubutunzi zihari zabonywe n'abegwa n'ubutunzi mu Burundi

Intambamyi z'ubutunzi ziboneka zatowe n'abahambaye mubegwa n'ubutunzi mu Burundi zishira ahabona imyitwarariko iboneka. Vuba cane, igikorwa c'isuzumwa carakozwe na FMI hamwe n' ibanki y'isi yose kugira barabe imigambi bafashije. Kuwa 17 Ndamukiza 2025, Albert G. Zeufack, umuyobozi w'ibikorwa muri baki y'isi yose mu karere harimwo u Burundi, yarahuye na President Evariste Ndayishimiye ku Kirimba i Kiriri i Bujumbura. Ibiyago vyari vyerekeye ku mwihwezo w'ibikorwa bishigikiwe nabaniki y'isi muri iyi myaka 3 iheze no ku bizokorwa mu myaka 6 izozwa, nko mu bisata vy'uburimi, amasoko ntanganguvu hamwe n'ubutare n'agataka. Buca haba uwo mubonano, umushikiranganji wambere, Gervais Ndirakobuca, yari yagize inama nk'iyi n'umunyamabanga wa banki y'isi yose. Ako kanama karerekana ko gutevya gushira mungiro imigambi yaronkejwe uburyo ari intambamyi ikomeye. Hariko hegereza gusozera umwaka w'ubutunzi 2024-2025, i banki y'isi yose yari imaze gutanga ku Burundi ibice 13,3 kw'ijana, igiharuro kiri musu cane y'iviyemejwe vya muntango 25 kw'ijana. Iryo suzumwa riri murukwirikirane rw' urugendo rwa FMI mu burundi yo kuwa 17-28 Ntwarante 2025, mu ntumbero yo kuba neza amagara afatiye kubutunzi uko yifashe mu Burundi yongere ihamagarire ababijewe kubikwirikiranira hagufi mugushiraho ingingo zibereye.

FMI iragabisha, mw'itangazo ryo kuwa 15 Ndamukiza 2025, kunkwirikizi mbi z'intwari ivunja kubiri bigahungabanya ubutunzi. Ivyo bigatuma kandi habura igitoro, ihungabana ryo guhanahana ibidandazwa, bikorohereza ibikorwa nko gushora hanze bidaciye mu mategeko, n'ibura ry'amakori. Kubwa FMI

guheza ico gihengeri bica mu gushira kumurongo igikorwa co kuvunja bakavunja ku giciro kizwi, bakarekurira kuvunja ababishaka, vyoshikana kubiciro bigendeka. Iryo yongobera rw'ubutunzi rikura icizere mubanyagihugu bo mu Burundi : abakene batera bakena bikabiye,kandi agaciro k'amahera y'amarundi karayonga nk'urubura ku zuba.

II. UBURENGANZIRA KUBANTU NO MURI POLITIKE

II.1. UBURENGANZIRA BWO KUBAHO

II.1.1. Abantu bishwe bivuye kuvyo baheraniraniye

Umugore yishwe muri komine Mugina, intara ya Cibitoke

Kuwa 15 Ndamukiza 2025, hafi igihe c'isaha 4 zo mw'ijoro, ku mutumba wa Nyempundu, uri muri zone ya Nyamakarabo, muri komine ya Mugina mu ntara ya Cibitoke, Venancia Ndikumasabo, afise imyaka 65, yahasize ubuzima,yatowe ari ikiziga, inyuma y'aho haturikiye igisasu co mubwoko bwa grenade gitewe mw'idirisha ry'inzu yiwe.

Amakuru dukurayo atubwira ko abakoze ako kabi, gushika ubu bataramenyekana, bazanye ico gisasu muri iyo nzu, kimwica ubutarariye. Inkuru yo kwizera itubwira ko indyane z'amatongozishobora kuba arizo zakweze ubwo bwicanyi. Mubisanzwe, uwo yishwe yaheruka urubanza muri sentare nkuru y'i Bujumbura,urubanza yaburana na bamwe mubo mumuryango wo kubukwe,bari baramuhaye ikivi ca hegitari 4.

Urwo rubanza haciye imyaka 20 ruri muri zuguruzuguru mu masentare nirwo rwamuteranije na baramuwe.

Kubwo ayo makuru nyene, baramuwe bari babishize mu mbonerakure. Urukurukuru rukomeye,kuwo abatashatse kwivuga, ruvuga Imbonerakure, ari nazo zahawe ibigwanisho handi kandi zikizura kenshi kunkengera y'uruzi Ruhwa, rugize urubibe rw' u Rwanda n'u Burundi.

Uwegereye umuhisi yaraseruye akababaro kiwe kumugaragaro,yagiriza ataguhigimanga Imbonerakure ko zateguye ubwo bwicanyi. Abahaba babajijwe basaba amatohoza yihuta kugira ababikoze bahanwe hakurikijwe amategeko.

Musitanteri wa Mugina, Julienne Ndayihaya, yaremeje ivyabaye kandi yavuze ko amatohoza ariko araba yamaze gushika kw'ifatwa ry'abantu babiri,ubu bapfunzwe. Abo nabo ni Fidel Karorero, w'imyaka32, na Jeremy Minani,w'imyaka 30. Ariko iyo ndongozi irahakana yivuye inyuma ko bavyegurira ku mbonerakure.

II.1.2. Ibiziga vyatowe

Kuwa 19 Ndamukiza 2025, akabi kabishe karabereye hafi y'inkengera z'uruzi Ruvyironza, ruri muri Komine Giheta,intara ya Gitega. Niho hatowe ikiziga ca Nadine Bukuru mubintu bitumvikana.

Uwo mukenyezi, yubatse aba muri karatiye Nyabitsindu, iri igitega hagati, yatowe ikiziga kunkengera y'uruzi. Ikiziga ciwe caciye gitwarwa neza kw'ivuriro Saint Joseph ryo mu Giheta imbere y'uko gitwagwa n'icubahiro mu buruhukiro iGitega. Kubwo ababibonye bo mukarere,bavuze ko Nadine yari agiheza kwibaruka umwana ataragera,yari abundikiriwe ku bitarobikuru vy'intara vya Gitega.

Intahe z 'abari bahari ziravuga kandi ko yavuye mu cumba avuze ko agiye konsa uruhinja ywiwe ,ariko ikibabaje, ntiyigeze agaruka. Ahubwo, ntiyigeze anaja aho akana kabundikiririwe ngo akonse, bigatera amakenga cane mubaryango n'abagenzi. Avuka muri komine n'intara y aya Bururi, Nadine yari yubatse i Gitega muri 2024, urupfu rwiwe akiri muto rusize igihengeri mu buzima bw'abamumenye.

Ikiziga catowe muri komine n'intara ya Ngozi

Kuwa 19 Ndamukiza 2025, hafi isaha 11 z'ubuho, ku gatumba Rusuguti, zone, komine n'intara ya Ngozi, ikiziga c'uwo batazira Sandugu, afise imyaka 3, caratowe kirambitse kunkengera y'ibarabara, cubitse inda n'amaraso kunkengera y'ibarabara. Kubwo ababibonye mukarare, igipolisi caraje aho hantu kirabibona.

Umuhisi bamusanzeko ibiguma kukuguru kw'iburyo no kumutwe. Bamwe bavugako yagonzwe n'imodoka ariko nta vyerekana ko yagize isanganya vyaboneka ku modoka bikeka. Abantu 2, Nduwimana Augustin na Nzoyizana Felicien barafashwe kubwo amatohoza inyuma y'amaraso basanze kunkengera y'ibarabara babako kandi amaraso akaba ari hafi y'umuhana wabo. Umuganga wa Reta yarahishikiye kugira kugira itohoza. Ikiziga c'uwo muntu caciye gitwagwa mu buruhukiro bw' i Bitaro vyigenga i Ngozi mukurindira kumeya umuryango wiwe kugira bategure amaziko.

II.1.3. Inyuruzwa n'iburwa irengero

Umunywanyi w'umugambwe CNL yanyurujwe muri komine Mukaza, Bujumbura

Kuwa 15 Ndamukiza 2025, inyuma y'umutaga, Aimable Nkunuzumwami, umunywanyi w'umugambwe CNL, akora mu bushikiranganji bw'inkino, bw'ubumwe bwa Afirika yo mu buseruko hamwe n'imico kama, aba muri karatiye Gisyu, zone Kanyosha, komine Mugere, yarahagaritswe mugisagara hagati i Bujumbura. Abagabo bambaye umwambaro w'igipolisi bamutwaye ahantu hatazwi mumodoka ifise ubwicariro habiri n'ibiyo bitabona, mu gihe yari agiye ku kazi.

Abamwegereye, batazi iyo ari, bavuga ko terefone yiwe yarungikiye ubutumwa ku wa gatatu bamwe mu bayoboke ba Rwasa, nk'abashingamateka. Ubwo butumwa bwemeza ko yagira abereke uko bagwanya CNDD-FDD. Abamwegereye bagereranya ko ubwo butumwa bwanditswe n'abakozi b'igendereza bafashe abayoboke ba Rwasa.

Aimable Nkurunziza yaserukira rw'urwaruka rw'umugambwe rw'umugambwe CNL ya Rwasa ku rwego rw'igihugu. Umushingamateka Simon Bizimungu, umunyamabanga wa Rwasa, asaba ko abanywanyi b'umugambwe CNL bahagaritswe bidaciye mu mategeko barekurwa, canke bashirwe mu butungane hako bahagarikwa nk'abanyurujwe.

II.2. UKWISHIRA N'AKUZANA MURI VYOSE

II.2.1. UBURENGANZI KU MWIDEGEVYO

II.2.1.1. IHAGARIKWA BITEMEWE N'AMATEGEKO

Abanywanyi babiri b'umugambwe CNL barahagaritswe muri komine Kayogoro, intara ya Makamba

Kuwa 14 Ndamukiza 2025, Gatoto Thierry na Ndayishimiye Thierry, bese abanywanyi b'umugambwe CNL bo kumutumba Kigaza, zone Dunga, komine Kayogoro, intara ya Makamba barahagaritswe batwagwa mw' ibohero ry'igipolisi kuri komine Kayogoro bahagarikwa n'Imbonerakure zifataniye n'uwutwara igipolisi muri komine Kayogoro inyuma yaho hatowe inzandiko zitagira umukono ahantu henshi, harimwo Rutana, ku mugwa mukuru w'intara mbanyi. Kubwo abanywanyi b'umugambwe CNL muri komine Kayogoro, intara ya Makamba, barakubitse n'iterabwoba ry'urutavanako hamwe n'ikumirwa rigirirwa abanywanyi b'umugambwe utavugarumwe na Reta CNL. Abafashwe bagirijwe n'Imbonerakure ko aribo bashwiragije inzandiko zitagira umukono muri ako karere.

III.UBURENGANZIRA KU MIBANO-UBUTUNZI HAMWE N'IMICO KAMA

III.1. IHUNGABANA RY'UBUTUNZI

Inyinyurana ku biciro hagati y'abadandaza na Reta

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 19 Ndamukiza 2025 ivuga ko mu ntara ya Cibitoke,ingingo nshasha ya Reta yo gushinga ibiciro vy'ibidandazwa vya nkenerwa yatewe ivyatsi mu badandaza bose.Abadandaza bavuga ko iyo ngingo itaravye amikoro y'abanyagihugu, mugihe indongozi zidoma urutoke ku buhinga bwo kwikwegerako. Uko kudahuza kwabo bituma haguma icuka kibi mu masoko y'intara.

Mu makomine 6 ya Cibitoke,abadandaza barerekana ko biyamiriza ingingo y'umushikiranganji w'ubudandaji itegeka ibiciro ntarengwa ku bifungurwa vya nkenerwa. Kubwo abegwa n'ubutunzi, iyo ngingo ya Reta ni iyo akarenganyo kandiyoshigwa mungiro bigoranye.

« Twodandaza gute inyama kuri 20000 kandi tuzirangura ayarenga ibihumbi 30000 ku kilo.Ishira inyama kuri 20000, umuceri kuri 4000 n'ibiraya1800, mugihe aho bidandarizwa, ivyo bidandazwa birumvikanako uko bikwirikirana kuri 30000, 5500.na 2800 y'amahera y'amarundi.

Abadandaza barerekana neza invo nyinshi zisigura iryo duga rikabije ry' ibiciro. Ubwambere, bavuga ibura ry 'igitoro, rituma igiciro co kwiyunguruza kiduga numwe bibonaka. Hiyongerako amakori bavugako ari umurengera,hamwe n'aba polisi amena umutwe mukugoresha uruja n'uruza' rw'ibidandazwa. « Hagati y'ibiturire bisabwa ahariho hose n'amakori, ntibikunda ko dukwiza ayo dusohora tutarashikira ayo tugurishako », bisigurwa n'uwuserukira abadandaza basanze ku mugwa mukuru wa Komine Rugombo, yerekana ishavu afise.

Ku ruhande rwiwe, Buramatari wa Cibitoke, Careme bizoza, ntiyemera ivyo vyiyumviro, akavyita kwikwegerako vy'abadandaza. Arababurira ko uwuzohirahira ntiyubagirize ibiciro vyashinzwe azoronka ibihano bihambaye hakwirikijwe amategeko.

Kuruko kutumvikana, amajwi y'abantu basomye arasemerera kugira haboneke ibintu bisiguritse. Umwigisha w'ivy'ubutunzi ari mu karuhuko k'iza bukuru, aba mu Cibitoke, atumirira Buramatari gukomeza umwimbu w'igihugu no kugwiza amasoko yo hanze dusumiramwo. « Itegeko riraba kugurisha no kugura riguma ari nyamukuru mugukinga ihungabana. Mugihe ibigurishwa biguma bigabanuka ,abagura batagabanutse , ibiciro bizoguma biduga », arihweza.

Mugihe iryo hungabana ry'ubutunzi riguma riremerezwa imiryango,harakenewe kurondera igendeka hagati y'ingingo ya Reta n'ibibonekera kumasoko.

Ukuboko k'umushikiranganji wa mbere mu burundiku butare bw'inzahabu buherutse gutorwa ku nkikuro ya OTB

Ishirahamwe AJENITEKA, rigabwa na Gervais Ndirakobuca,ubu ari umushikiranganji wa mbere mu Burundi, riragenzura icukurwa mu bibanza bitowe vuba mu mirima ya OTB Buhoro.

Kubwo amakuru yo kwizera,Gervais Ndirakobuca, aciye kuborosha bazwi neza nka Colonel Eugene bizindavyi,yahoze atwara PSR ubu akaba ari umuhuzabikorwa mu kwinjiza no kwigisha ivya gisirikare umugwi w'imbonerakure zigwanira muri Kongo hamwe n'abanyagihugu, Elias Nahayo na Pascal Vyagizimana, bose uko ari 2, badandaza b'inzahabu bazwi i Mabayi yaritwariye OTB aciye kubanyagihugu barenguka nka bene umurima.Muri urwo rubanza rwanyarutse,rwatsinzwemwo OTB, abacukuraho bose baciye bishikana ngo bakorane na AJENITEKA MINING hamwe no kugurisha kuri iryo shirahamwe ubutarebwose bahacukuye. Abagerageje kuvyanka batewe ubwoba ko bazokwicwa.

Abakozi ba OTB, hamwe n'imiryango myinshi ikesha uburaro n'uburamuko kuri iryo shirahamwe, bari-doga cane kubera iryo cukura itumye batakaza ahantu nyamukuru bakura uburyo bubabeshaho, Philippe Bakundukize, arongoye OTB, siho ari kandi umenga ntaco anezwe ku myidogo y'abakozi biwe n'imiryango. Ni ngombwa ko tumenya ko ico cicaro arimwo yagihawe n'umushikiranganji wa mbere. Kubwo ayo makuru nyene, Gervais Ndirakobuca yarazi ko hashobora kuba hari ubutare muri ayo ma zone imbere yo gushiraho uwumwegereye atazomubera intambamyi.

Abanyagihugu badomako urutoke itozwa ry'amahera kubintu birimwo agapfungu muri komine Mugina, intara ya Cibitoke

Kuva mu ntango ya Ndamukiza 2025, indongozi zo mw'ikomine ku Mugina, intara ya Cibitoke, baciye kubatwara imitumba n'abo bakorana, batanguje gutoza amahera 2000 kunzu. Kubw'izo ndongozi, ayo mahera azokoreshe mu rwubako rw'urugomero rwo kuvomera ku ruzi Nyakagunda. Kuri ubwo, abanyagihugu, ba bategereye urugomero, batagira imirima bavomera iruhande, canke mbere bayifise, batuma urutoke ivyo bafata nk'ubusuma buteguwe. Igifatiro tumenya ko ibikorwa vy'urwo rugomero vyahora bifashwe mu mugongo na PRODEFI, ariko igihe cayo giherutse guhera, akaba ari PRODER yayisubiriye.

Interererano yo kunguvu muri komine Mugina, intara ya Cibitoke

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 20 Ndamukiza 2025 ivuga ko muri komine Mugina, intara ya Cibitoke, guha amanota abikozi ba Reta, bisanzwe ari uburenganzira vyabaye ibizana amahera kuri ku muyobozi w'indero muri komine. Kuva ubu, umwigisha wese ategerezwa kuriha amahera 10 000 kugira aronke amanota, ivyo akabikora imbere yo kuwa 30 Ndamukiza 2025. Iyo ngingo yaje mugihe iyongera ry'imishahara kubarose amanota mu 2024 batararikora mu ntara ya Cibitoke. Ico kinyuranye n'ivyo mu zindi ntara z'igihugu, aho benshi mu bigisha bamaze kongerwa.

Iryo tozwa ry'amahera ry'agasakisaki amatora yegereje, risa n'irigamije kurondera uburyo kuri bamwe biteze gutakaza ivyicarwo kubera guteranya intara n'amakomine vyategekanyijwe mw'itunganywa rishasha.

Kuvyerekeye ako kagobero ko kuriha kugira uhabwe amanota, abigisha bamwebamwe bamaze kubigwanya kandi bategekanya gutakura ubutungane hamwe iyo ngingo boyibazanira.

Igabanuka ry'umwimbu w'icayi inyuma y'ibura ry'abacaha i Tora mu ntara ya Bururi

Mu ntara ya Bururi, ikintu kiraje ishingira gitera kiza kubera igabanuka ry'umwimbu w'icayi i Tora. Imirima minini, kera yaba irimwo akazi gashushe ikivi kiremesejwe n'abantu barenga 120 baha icayi, usanga ubu isa n'iyigaragara. Mu bisanzwe, kuvyabari ku kibuga bashikiriza, abantu 32 gusa niba babandanya bakora mu mirima itotahaye y'ishirahamwe ririma icayi i Tora, riri muri komine Mugamba. Ivyo bintu bibabaje biremezwa kandi na Ir Eric Nduwayezu, uwurongoye iryo shirahamwe, yihweza ko kuva muri Ruheshi 2022, abaha icayi benshi bataye ubuzi.

Igituma bagenda kubwinshi biva kumugambi wahebwe n'iryo shirahamwe wo gutanga imfashanyo y'indya, icari gifise intumbero yo kugumiza abakozi ku kivi. Inkwirikizi y'igenda ry'abakozi irababaje; iyimbura ry'icayi kera ryagirwa mumwanya muto, bisigaye ari umugani, umwimbu nawo waramaze kugabanuka gushika ku ca kabiri, nk'ukobishikirizwa na Eric Nduwayezu. Eric ari mu gihengeri, agerageza kurondera kwinjiza abakozi bashasha, ariko inguvu ziba impfagusa. Ibintu bitera vyunyuka kubera umuyobozi w'ishirahamwe, Ir Gilles Mukundwa arerekana iyindi ngorane: abakozi basaba kudugirizwa umushahara kugira bashobore kwigaburira.

Ishirahamwe riherutse kubikorera ko mukuzamura agahembo k'abaha icayi, riva ku mahera 90 rija kuri 150 ku kg c'amababi. Gilles Mukundwa, umuhinga munyifato muri OTB, ashikiriza ko abakihari

bashobora no kuzoshikana amahera 10000 ku musi kugira bashobore kubaho kumusi. Ariko, gushikira igiharuro nk'ico bisa n'uko ari ingorane nini ; abaha amababi bonyene barivugira ko ari igikorwa kiruhisha cane kandi gikorwa ku muvuduko utaduzura umwimbu. Kuri iryo subira inyuma, Gilles Mukundwa arashikiriza kandi ko OTB itegekanya gutanga ubuzi ku baha amababi bashasha n'agahembo n'aho katoba gateye igomwe, gashobora gutangwa nk'ingurane, inyishu iserura na cane ibibazo kuri kazoza k'imirima y'icayi.

III.2. UBURENGANZIRA MUVY'INDERO NYIGISHO SHURE

Umwimbu w'amashure watebejwe no kudahemba abigisha b'abakutsa kivi muri komine Mugina iri mu ntara ya Cibitoke

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 19 Ndamukiza 2025 yerekana ko, naho uburuhuko bwa pasika vyari vyateguwe ko butangura kuwa 18 Ndamukiza 2025 mu gihugu cose, amashure menshi ya Reta ashobora kuzogira intambanyi mukuvuga umwimbu wo mu bibazo vy'igice ca kabiri, kubera kutariha abakutsakivi.

Mubisanzwe, kubera kubura abigisha mu mashure ya Reta, imishikirano yarabaye hagati y'amashure n'amashirahamwe y'abavyeyi b'abanyeshure kugura bahembe abigisha b'abakutsakivi. Ariko, kuva igice ca 2 gitangura, uburyo bwatojwe n'abavyeyi bwoba bwaranyurujwe n'umuyobozi w'indero muri komine, afatanije n'abanywanyi b'umugambwe CNDD-FDD. Naho abayobozi b'amashure bemeza ko barose uburyo bwose bw'umwaka bwagenewe guhemba abigisha b'abakutsakivi, ubuyobozi bw'indero muri komine basa n'abadashaka kuriha, nkuko boba bashaka kugumya uburyo bwo mu kiringok kiva muri Nzero gushika muri Mukakaro.

Imvo bashira imbere ni izuko bashaka gushira hamwe uburyo bwose bwatojwe imbere yo kubushikiriza ababugenewe, mugihe nabo bari baramenyereye kuyahembwa ku kwezi. Kuva igice ca 2 gitangura, abo bakutsa kivi bamaze guhembwa rimwe gusa, icatumye bamwe muribo bahagarika gutanga umwimbu w'ibibazo mugihe bataronkejwe utwabo twose. Abanyeshure n'abavyeyi, bababajwe n'ivyo, bataka Reta y'uburundi ngo itange ubuzi ku bigisha mu burere babakeneye vyihuta. Hamwe itobikora, basaba guhemba abakutsakivi ko vyotegurwa neza n'uburungozi bw'amashure bakukiramwo.

Umuyobozi w'ishure yagirizwa kwibisha ibibazo kw'ishure shingiro ry'i Mugara apfungiwe mu Rumonge

Umuyobozi w'ishure shingiro rya Mugara amaze indwi ari mw'ibohero rya komisariya y'intara y'igipolisi mu Rumonge. Banuganaga ko yoba yaribishije ibibazo mugihe c'ibibazo vyateguwe n'ubuyobozi bw'indero mw'i komine muri komine Rumonge. Kubwo amakuru y'abahegereye, uwuserukira ishure yoba yahaye iterefone ngendanwa umunyeshure wo muwa gatatu mw'ishure shingiro yiga muri lycee ya komine mu gisagara hagati mu Rumonge. Iyo terefone yarimwo ibibazo bimwe vyoba vyaramenyekanye bitaratangwa ku mugaragaro.

Iryo bara rizana imyidogo kubavyeyi benshi b'abana batangazwa n'uko ata ngingo n'imwe yo guheba ibibazo vyibwe yigezwe ifatwa n'abaserukira amashure mu buyobozi bw'indero muri komine Rumonge mugihe ubusuma bunugwanugwa. Abigisha b'amashure shingiro baraserura ko bibatanza. Bavuga ko bababajwe no kwumva ko uwo muyobozi yari yafotoye ibibazo bimwe bimwe na terefone yiwe, mugihe ari ubuyobozi bw'indero muri komine bwategerezwa kuvyandika, kubigwiza no kubitanga mu buyobozi.

Abavyeyi baravyita kutamenya kubaha amategeko y'ishure. Ni gute indongozi, yategerezwa kugumiza ijisho kumategeko n'akaranga mutima mukibanza barereyemwo, yubahutse guha telefone yiwe umunyeshure, asanzwe azi ko ivyo binyuranywe n'amategeko. Basaba ko umushikiranganji w'indero yobikoreako. Basaba ko hokugururwa itohoza ryigenga, ridahengamye kugira bamenye abakoze ubwo busuma n'ababafashije bongere babahane hisunzwe amategeko.

